



YON GID POU PARAN SOU NÒM APRANTISAJ EDIKASYON FIZIK NAN NYS (2020)




Poukisa li enpòtan pou pitit mwen gen yon pwa ki bon pou sante li?

- o Edikasyon fizik:
 - Se yon klas akademik, ki baze sou konpetans
 - Se yon pwofesè sètifye nan edikasyon fizik ki anseye l
 - [Se yon egzijans pou gradyasyon nan NYS \]\(2 kredi\)](#)
 - Gen leson ki baze sou nouvo Nòm Aprantisaj Edikasyon Fizik nan NYS (2020)
 - Gen aktivite sekansyèl ki fèt pou pèmèt nou jwenn rezilta nou espere yo
- o Edikasyon Fizik ak Aktivite Fizik se de bagay diferan. Elèv yo bezwen toulede pou yo aprann epi itilize konpetans yo. Si yo pa anseye toulede alafwa, elèv yo ap manke posibilite pou aprann oswa pou mete an pratik konpetans sa yo. Edikasyon Fizik ak Aktivite fizik devlope konesans elèv yo, konpetans ak konfyans yo pou yo resevwa konpetans fizik.
- o Konesans fizik se kapasite pou deplase avèk konpetans e konfyans nan yon pakèt aktivite fizik nan plizyè kalite anviwònman k ap bon pou devlopman konplè fizik moun nan.

Poukisa yo te revize nòm yo epi kilè y ap mete yo sou pye?

- Nan ane 2018, Eta Nouyòk (NYS) te kòmanse pwosesis pou egzamine epi revize nòm edikasyon fizik(2020) yo te adopte nan ane 1996. Yo te mete ajou Nòm yo yon fason pou yo ka apwopriye pou nivo klas elèv yo epi pou yo ann amoni ak bagay elèv yo ta dwe konnen e ta dwe kapab fè nan edikasyon fizik.
- Egzekisyon konplè Nouvo Nòm Aprantisaj sou Edikasyon Fizik (2020) nan Eta Nouyòk ap kòmanse pandan ane lekòl 2023-2024.



Ki fason Nòm Aprantisaj NYS yo afekte aprantisaj pitit mwen an?

- Aprantisaj pi byen fèt lè objektif yo byen defini. Modèl la montre kijan pati enpòtan nan aprantisaj la fonskyone ansanm. Nòm aprantisaj yo reprezante tout konesans ak konpetans elèv yo bezwen aprann nan fen chak ane lekòl. Objektif santral la, aprantisaj elèv la depann de kourikolòm nan, ansèyman an ak Evalyasyon ki ann amoni ak chak lekòl distri.
- Gen gwo diferans nan etablisman lekòl distri yo, orè klas yo ak lòt faktè nan kominite ak nan rejyon an.
Nòm Aprantisaj Edikasyon Fizik nan Eta Nouyòk (2020) apwopriye pou devlopman tout elèv, sa gen ladan elèv ki andikape ak sila yo k ap aprann anglè, epi nòm sa yo pèmèt gen fleksibilite lokal lè yo kreye pwogram edikasyon fizik pa yo.



Kisa ki Nòm Aprantisaj Edikasyon Fizik NYS yo (2020)

NÒM 1. Demontre konpetans nan plizyè aptitud motris ak modèl mouvman.

NÒM 2. Aplike konesans de konsèp yo, prensip, estrateji ak taktik ki gen rapò ak mouvman e pèfòmans.

NÒM 3. Demontre konesans ak konpetans nesèsè pou atenn epi kenbe yon nivo aktivite fizik epi fòm fizik ki amelyore lasante.

NÒM 4. Gen yon konpòtman pèsònèl e sosyal ki montre respè pou tèt li epi ki respekte lòt moun.

NÒM 5. Rekonèt enpòtans aktivite fizik genyen sou byennèt jeneral, sou plezi, defi ak/oswa ekspresyon pèsònèl.

NÒM 6. Rekonèt posibilite pou fè karyè epi jere resous pèsònèl ak resous kominotè pou atenn epi kenbe byennèt jeneral.



Lòt resous

[Dokiman estanda Pre-Jadendanfan](#)

[Enfòmasyon sou Nòm Aprantisaj pou Edikasyon Fizik nan NYS](#)

[Mizajou Edikasyon Fizik](#)

[SHAPE Amerik](#)

[Afich Shape America](#)

Eskane Kòd QR ki pi ba a pou w jwenn Nòm aprantisaj sou Edikasyon Fizik nan NYS:

